THE STATE EDUCATION DEPARTMENT / THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK / ALBANY, NY 12234

Jhone M. Ebert, Senior Deputy Commissioner for Education Policy
Education Building, Room 2M EB (518) 474-3862
89 Washington Avenue
Albany, NY 12234
jhone.ebert@nysed.gov

27 Fewrie 2017

Ci: Saytukati Gox
Saytukati Daara yuñu dul fay
Njiiti Dara yuñu dul fay
Yorkati Daara yuñuy fay ak Daaray Sàrt

Bawoo ci: Jhone M. Ebert, ki tópp ci Komiseer bi

Tomb: Leeral ak rootuway yi jàppandi ngir Xeex Xëkktal, Boddikonte ak Nooteel ci Daara yi ci lu Jëm ci ay Jëf yu Bees ci wallu Imigéré yi

Ci ay ayu-bis yu yàggul, bindnañu yu bari ci mejaa yi ci lu jëm ay xeex ci wallu xëkktal, boddikonte ak nooteel ci daara dëkk bi yepp. Teg ci, amna ay jëff yu bees yu nguur gi def ci wallu imigéré yi ñoongi tital nit ñi ak dileen jaxase ci dëkk bi yepp. DepartmaǼu Nj¨ng bu Etaa bu New York (ñNYSEDò walla ñDepartmaǼ biò) day mettit lu bepp jëff bu yàkk nekkin ci biir daara yi fi nga xamne suñu ndongo-dara foofu lañuy ñew di jàng bis bu nekk. Ci etaa New York, attekat yi, waajur yi, ak liggeeykat ci daara yi laajna¶u DepartmaǼ bi mu yaatal ak d±garal leeral ak rootuwaay yi am ba noppi ci wallu xeex xëkktal, boddikonte ak nootel, ak tamit yókk goorgoorlu ci nekkin ci daara yi ci j¨mm bawoo ci T±ralin Y·onu Ngoru ¤epp (ñDASAò walla ñT±ralin Y·onu Ngorò).

Yóonu Tëralin Ngor bu Etaa bu New York ñoongi ko yóonal ci atu 2012 ngir jox ndongo-daara yi dekkin gi leen di jàppale gu amul nooteel, xëkktal ak boddikonte ci biir daara yi, ci biisu daara yi ak/walla ab jëfin daara, te ñoongi ko soppi ci atu 2013 ñu yokk ci boddikonte ci walla internet.[1] Yóon laajna daara yi ñu jox ndongo-daara yi, waajur yi walla nu li mel, liggeeykat yi ay xibaar ci wallu DASA ak t±ral ay y·on ak ay doxalin ngir taxawal ab dekkin ci daara yi bu am kaarànge. Ci misaal, DASA laajna ko¶ yi am daara ¶u taxawal ay Kotu Doxalin yiy tare x±kktal, boddikonte (bokkna ci bu internet), ak nootel diggante ndongo-daara yi walla diggante liggeeykat ci daara yi, ak ay matuwaay ngir saafara nooteel ak xëkktal te ñu xamal wa NYSED jëff yooyu-le.

Ni¶ ko binndee ci suuf, NYSED, ak Biro Attekat bu Mag bu Etaa bu New York (ñOAGò), joxe na ay leeral ak rootuwaay ngir jàppale liggeeykat ci daara yi, ndongo-daara ak waajur yi ngir ñu wax walla saafara xëkktal, boddikonte ak nootel. Bokk na ci k±yitu leeral bu NYSED ak OAG bind ci ut 2016 ab k±yitu misaal ngir bind ak def

lenketu j±ffi DASA.[2] DepartmaÉ bi b±ggna yaatal liggey bu am solo boobu ci buñu f¨ttalee daara yi ak nj¨boot yi ne amna ay leeral ak ndimbalu xarala ci wallu DASA ak daara yu woor te j¨ppale ndongo yi yu j¨ppandi ci DepartmaÉ bi.

NYSED moongi laaj koñ yi, waajur yi walla ñu leen dénc ñu am ay laaj ci wallu DASA ¶u jokkook NYSED ngir am ay leeral wallu ndimbalu xarala ci wallu doxalinu lenket bu baax ak defin yu gën ci taxawal ak toppatoo ab d

wergu-yaram xale yepp ci taxawal jumtukaay yooyu ak sa jubluwaay ak soxla mbooloo daara yi.